

## Pwogram Ekonomize pou Invèsite NYC Kids RISE Enfòmasyon ak Fòmilè pou Chanjman Estati Patisipasyon

---

### Enfòmasyon sou Pwogram Ekonomize pou Invèsite a

Depatman Edikasyon Vil New York (NYC Department of Education, "DOE") a antre an patenary avèk òganizasyon san bi likratif la ki se NYC Kids RISE, Inc. nan kad Pwogram Ekonomize pou Invèsite (Save for College Program) NYC Kids RISE ("Pwogram") lan. Pwogram gratis sa a bay elèv ki kalifye yo lajan pou frè fòmasyon invèsitè ak frè fòmasyon pwofesyonèl kalifye. NYC Kids RISE pral louvri yon kont (["Kont Bousdetid NYC \(NYC Scholarship Account\)"](#)) sou non chak elèv e l ap bay \$100 pou chak elèv nan kont Pwogram nan pou frè fòmasyon invèsitè ak frè fòmasyon pwofesyonèl kalifye. Sou rezèv finansman, Vil New York ansanm ak DOE pral elaji pwogram nan ane sa a e y ap ajoute lekòl pitit ou a ladan l. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou <http://nyckidsrise.org/>.

### Ki opsyon mwen genyen?

Mwayen ki pi senp pou gade patisipasyon elèv ki elijib ou a oswa pou mete li ajou se lè w ale sou [Kont Lekòl NYC yo \(NYC Schools Account\)](#). Ou ka anile oswa re-enskri alokasyon elèv ou a nan Kont Bousdetid NYC a ki nan Kont Lekòl NYC yo. Kontinye li enfòmasyon yo si ou ta renmen anile oswa re-enskri apati fòmilè papye sa a.

### Si elèv ou a pa gen yon Kont Bousdetid NYC

Paran/responsab legal yo kapab mande enskri yon elèv ki elijib nan Pwogram nan nenpòt lè avan li fini klas senkyèm ane a. Si elèv la fin fè klas senkyèm ane a, elèv la **pa** ka antre nan Pwogram nan, resevwa okenn fon pou bousdetid ni li pa ka elijib pou rekompans alavni yo.

Yon fwa ou soumèt yon demann pou enskri, ou dakò pou DOE pataje enfòmasyon sa yo ak NYC Kids RISE ansanm ak asosye li nan domèn teknoloji ki se VistaShare. Enfòmasyon sa yo obligatwa pou Kont Bousdetid NYC a:

- |  |   |
|--|---|
| <ul style="list-style-type: none"><li>▪ Yon nimewo idantifikasyon inik pou elèv la nan pwogram lan</li><li>▪ Non konplè</li><li>▪ Dat nesans</li><li>▪ Adrès kay la</li><li>▪ Si adrès kay la chanje</li></ul> | <ul style="list-style-type: none"><li>▪ Nimewo telefòn kay la</li><li>▪ Non lekòl la</li><li>▪ Nivo klas aktyèl la</li><li>▪ Lang yo pale a (yo) lakay ou</li><li>▪ Transfè ki fèt nan lòt lekòl, si sa fèt, andedan ak deyò sistèm eskolè publik Vil New York la</li></ul> |
|--|---|

NYC Kids RISE ak VistaShare bezwen enfòmasyon sa yo tou sou adilt yo pou jiska de paran/responsab legal pou chak elèv:

- |  |   |
|--|---|
| <ul style="list-style-type: none"><li>▪ Nimewo idantifikasyon inik pou paran an nan pwogram lan</li><li>▪ Non konplè</li></ul> | <ul style="list-style-type: none"><li>▪ Adrès imèl</li><li>▪ Nimewo selilè ak/oswa lòt nimewo telefòn</li></ul> |
|--|---|

## Pwogram Ekonomize pou Inivèsite NYC Kids RISE Enfòmasyon ak Fòmilè pou Chanjman Estati Patisipasyon

---

### Si elèv ou a pa gen yon Kont Bousdetid NYC

Paran/respondab legal yo ka chwazi anile nenpòt lè. Yon fwa ou soumèt yon Demann pou Anilasyon atravè fòmilè sa a oswa Kont Lekòl NYC elèv ou, ou dakò pou NYC Kids RISE (1) fèmen Kont Bousdetid NYC elèv ou a, (2) transfere definitivman tout lajan yo te alwe bay elèv ou a sou kont Pwogram Ekonomize pou Inivèsite NYC Kids RISE la tounen bay NYC Kids RISE, ki gen ladan tout rekompans ak bousdetid kominotè ke yo te ka bay elèv ou a, (3) efase chak pwofil Deteksyon Epay (Savings Tacker) ki te kreye sou non elèv ou a, (4) enfòme chak adilt ki nan dosye ki asosye ak elèv ou a osijè sipresyon sa a ak (5) estoke done istorik ki gen rapò ak kont elèv ou a ak anilasyon li annakò ak règleman anilasyon enskripsyón NYC Kids RISE ak lwa ki aplikab yo. Tanpri sonje: si w chwazi re-enskri pitit ou a nan yon lòt dat annapre, alokasyon pou pitit ou a resevwa alavni a ap \$100. Yo p ap ajoute lajan adisyonèl avan yo.

### Èske elèv ou a kapab resevwa yon alokasyon sou Kont Bousdetid NYC a apre anilasyon?

Elèv ou a elijib pou l mande pou l enskri nan Pwogram Ekonomize pou Inivèsite NYC Kids RISE la e pou yo louvri yon Kont Bousdetid NYC sou non elèv la nenpòt ki lè avan li fini klas senkyèm ane l la. Yon fwa ou soumèt yon demann pou re-enskri, y ap pataje enfòmasyon elèv ou a ak NYC Kids RISE ansanm ak asosye li nan domèn teknoloji ki se VistaShare. Y ap louvri yon Kont Bousdetid NYC pou elèv ou a, y ap bay elèv ou a \$100 dola, epi l ap elijib pou rekompans ak bousdetid kominotè yo.

---

### Fòmilè pou Chanjman Estati Patisipasyon

Antanke paran oswa responsab legal yon elèv ki elijib, mwen vle chanje patisipasyon li nan seksyon bousdetid nan Pwogram Ekonomize pou Inivèsite NYC Kids RISE la.

#### Tanpri, koche kazyé a pou chanjman ou vle fè a:

- MWEN VLE ENSKRI elèv mwen an nan seksyon bousdetid nan Pwogram Ekonomize pou Inivèsite NYC Kids RISE la. MWEN DAKÒ pou yo pataje enfòmasyon yo ak NYC Kids RISE ansanm ak asosye li nan domèn teknoloji ki se VistaShare.
- MWEN VLE ANILE patisipasyon elèv mwen an nan seksyon bousdetid nan Pwogram Ekonomize pou Inivèsite NYC Kids RISE la. Mwen vle pou yo retounen tout lajan yo alwe bay elèv mwen an sou kont Pwogram Ekonomize pou Inivèsite NYC Kids RISE la bay NYC Kids RISE.

Tanpri, bay enfòmasyon swivan yo avan ou soumèt yo bay sekretè lekòl elèv ou a.

**Non Konplè Elèv la:**

**Klas Ofisyèl Elèv la:**

**Non Lekòl la:**

**Non Paran/Responsab Legal la Ekri ak Gwo Lèt Detache:**

**Siyati Paran/Responsab Legal:**

**Dat:**